

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Carita Pangéran Kornél mangrupa carita anu sumebar di wilayah Jawa Barat, hususna nyaéta di Kabupatén Sumedang. Sabenerna, ieu carita lain waé dipikawanoh ku urang Sumedang, tapi saantéro Pasundan mah tangtu geus teu bireuk deui, malah nepi ka Éropah ieu carita téh kungsi nepi tur aya bukti-bukti sajarahna, saperti surat-surat pernyataan ti Walanda keur ka Pangéran Kornél (Wangsapurwacaraka, 1994, kc. 127). Carita Pangéran Kornél kaasup carita sajarah anu eusina ngandung unsur-unsur kasajarahana. Eusi carita sajarah biasana dumasar kana fakta-fakta sajarah anu sumebar tur aya di sabudeureun masarakat. Lian ti carita sajarah, carita Pangéran Kornél ogé aya nu winangun karya sastra, salasahijina nyaéta novel *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira. Ieu novel téh terbitan Balai Pustaka dina taun 1930, dina taun 1986 ieu novel ogé kungsi diterbitkeun ku Rahmat Cijulang. Saterusna, dina taun 2009 jeung 2014, ieu novel diterbitkeun deui ku Kiblat Buku Utama. Upama dipaluruh tina eusina, ieu novel téh tangtu aya patalina jeung bukti-bukti sajarah nu sumebar di Kabupatén Sumedang. Contona saperti patung Pangéran Kornél nu keur sasalaman jeung Jéndral Hindia Walanda Herman Willem Daendels, sarta prasasti nu aya di Jalan Cadas Pangéran.

Carita Pangéran Kornél vérsi sastra *genre* novel téh ditulis ku saurang pangarang anu ahli dina widangna, nyaéta R. Méméd Sastrahadiprawira. R. Méméd Sastrahadiprawira kaasup salasaurang pangarang nu miboga titél kaum bangsawan tur kungsi sakola di sakola husus pikeun bangsawan jeung ménak. Lian ti éta, anjeunna ogé kungsi mantuan Wadana Ciranjang, Garut. Taun 1921, R. Méméd kungsi jadi asistén Bupati Bandung. Ti harita, karir R. Méméd téh beuki nyongcolang, nepi ka kungsi diangkat jadi camat di Kabupatén Bandung dina taun 1926 (Ruhaliah, 2019, kc. 101-102). Dina tanggal 11 Juli 1928, R. Méméd Sastrahadiprawira diangkat gawé di Balai Pustaka, nya ti harita karya-karya anjeunna mindeng dimuat dina koran, majalah, jeung média citak séjénna (Ruhaliah, 2019, kc. 102).

Saupama dipaluruh tina kasang tukang pangarangna anu jembar ku pangalaman tur pangaweruh, tangtu teu matak hésé pikeun R. Méméd dina nulis karya sastra anu patalina jeung sajarah, salasihijina novel *Pangéran Kornél* téa. Novel *Pangéran Kornél* eusina nyaritakeun kahirupan Pangéran Kornél dina mangsa penjajahan Walanda. Tina éta pedaran, upama dipatalikeun jeung kasang tukang sosial kahirupan pangarangna, ieu novel téh kapangaruhan ku kasang tukang kahirupan sosial pangarangna anu kungsi jadi camat jeung pamingpin. Lian ti éta, ieu novel ogé tangtu kapangaruhan ku carita-carita sajarah boh anu ngajanggélék dina wangun fakta sajarah, boh anu sumebar di masarakat. Leuwih telebna, ieu novel téh tangtu kapangaruhan ku latar sosial-budaya masarakat anu hirup gumulung di Kabupatén Sumedang.

Carita Pangéran Kornél nyaritakeun ngeunaan saurang tokoh anu miboga sebutan Pangéran Kornél. Ngaran aslina mah nyaéta Pangéran Surianagara Kusumahdinata atawa Radén Tumenggung Adipati Aria Surianagara. Lian ti ngaran-ngaran anu bieu ditataan, Pangéran Kornél ogé biasa disebut Radén Jamu (ngaran keur leutikna). Anjeunna téh putra saurang bupati Sumedang nu ngaranna Adipati Surianagara nu maréntah ti taun 1761 nepi ka 1765 (Lubis, spk., 2008, kc. 149). Dina novelna dicaritakeun yén Radén Jamu atawa Pangéran Kornél téh ti leuleutik geus hirup mandiri, sabab ti leutik kénéh geus ditinggalkeun ku nu jadi kolotna, hususna ku bapana. Antukna nu mingpin kabupatian téh adi bapana (mamangna), tapi teu lila ti éta mamangna ogé tilar dunya. Sabada mamangna tilar dunya, nu mingpin Kabupatian Sumedang téh nyaéta Dalem ti Parakanmuncang. Jangjina mah ukur nyelang nepi ka Radén Jamu manjing sawawa, tapi buktina éta Bupati ti Parakanmuncang téh kangeungeunahan mingpin Sumedang, komo saprak aya Demang Dongkol (demang anu licik), éta bupati téh dianggap beuki teu bener. Ahirna Radén Jamu indit ti Sumedang, muru ka Limbangan, saterusna indit deui ka Cianjur. Waktu di Cianjur, Radén Jamu diangkat jadi Wadana (Kepala Cutak). Kacaritakeun Demang Dongkol téh aya nu maéhan, atuh bupati anu jadi panyelang di Sumedang ogé ahirna mah teu lana, tur diganti ku Radén Jamu, kalawan bantuan Bupati Cianjur, Radén Aria Wiratanudatar. Salila di Sumedang dipingpin ku Radén Jamu/Pangéran Kornél, éta kabupatén téh ngadak-ngadak maju, nepi ka waktu katangan Gupernur Jénderal Hindia Walanda Herman Willem Daendels ogé,

Kabupatén Sumedang keur aya dina puncak kajayaanana. Proyék Jalan Raya Pos (*Grote Postweg*) anu ngadoréksakeun masarakat, ahirna bisa diréngsékeun ku Pangéran Kornél jeung Demangna, nu ngaranna Rd. Demang Mangkupradja. Ahir caritana mah, Pangéran Kornél tilar dunya dina tanggal 29 Juli 1828 tur dimakamkeun di Gunung Ciung, Pasaréan Gedé, Sumedang.

Dumasar kana ringkesan caritana, Pangéran Kornél téh lain tokoh biasa-biasa, tapi kaasup daptar tokoh bupati anu hébat di Tatar Sunda, hususna di Tanah Sumedang. Malah nurutkeun Abdurachman, spk. (1986, kc. 85) bupati (Sumedang) téh mangrupa bupati anu kaitung luhur pangkatna di Tanah Priangan, éta hal bisa ditilik tina gelar ‘Pangéran’ anu sok aya dina ngaran bupati Sumedang, salasihijina Pangéran Kornél atawa Pangéran Surianagara Kusumahdinata. Saterusna, bukti kaluhungan Pangéran Kornél ogé ditandeskeun deui ku Abdurachman, spk. (1986, kc. 8), yén aya dua urang bupati Sumedang anu idéal, salasihijina nyaéta Pangéran Kornél atawa Pangéran Kusumahdinata (1791-1828). Saterusna, Abdurachman, spk. (1986, kc. 8) ogé nyebutkeun yén Pangéran Kornél kaasup tokoh bupati anu ngirut pikeun dipaluruh, sabab waktu anjeunna kumawasa loba kajadian-kajadian penting anu ngalibetkeun posisi anjeunna jeung wilayah anu dipingpinna. Éta peristiwa jeung kajadian téh di antarana: 1) pangwangunan Jalan Raya Pos (*Grote Postweg*) ti Anyer nepi ka Panarukan; 2) Peperangan/*perlawanan* Bagus Rangin (1806-1818); jeung 3) suksési kapamingpinan pamaréntah kolonial ti Walanda ka Inggris (1811).

Upama dipaluruh tina pedaran ngeunaan Pangéran Kornél saacanna, matak pantes ieu tokoh téh kaasup tokoh bupati anu ngirut pikeun dipaluruh sarta ngirut keur pangarang sangkan nuliskeun deui caritana, sabab pangarang bisa ngahasilkeun deui wangun carita anu hadé tur pikatajieun keur pamaca, boh carita dina wangun novel, boh drama, boh karya tulis sajarah séjénna. Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipilih carita Pangéran Kornél, tujuanana pikeun maluruh hubungan antara téks sastra jeung téks sajarah carita Pangéran Kornél.

Bukti-bukti anu nuduhkeun carita Pangéran Kornél atawa tokoh Pangéran Kornél istimewa bisa ditilik dina sawatara karya sastra, saperti novel *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira (terbitan Kiblat, 2014) jeung novel *Raden Jamu, Mutiara Menak Sumedang* karya Tatang Sobana (terbitan Panca

Utama Mandiri, 2006). Salian ti éta, ngaran Pangéran Kornél ogé kapaluruh dina buku sajarah anu patali jeung Kabupatén Sumedang jeung buku-buku séjénna, saperti dina buku *Rucatan Budaya Bumi Sumedang* karya WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka (1994), *Sajarah Sumedang* karya E. Kosmajadi (1994), *Sejarah Sumedang dari Masa ke Masa* karya Nina H. Lubis, spk. (2008), *Naskah Sunda Lama di Kabupaten Sumedang* karya Abdurachman, spk. (1986), jeung *Pandangan Hidup Orang Sunda: Seperti Tercermin dalam Tradisi Lisan dan Sastra Sunda* karya Suwarsih Warnaen, spk. (1987). Tina sawatara karya anu patali jeung Pangéran Kornél, satuluyna panalungtik bisa maluruh tur nyindekkeun, yén Pangéran Kornél téh lain tokoh anu joré-joré, tapi kaasup tokoh anu miboga pangaruh gedé dina ngawangun Kabupatén Sumedang jadi kabupatén anu maju, tur kiwari éta kabupatén téh dilandi ‘Puseur Budaya Sunda’, sabab mémang cocog di éta kabupatén téh loba titinggal karajaan-karajaan Sunda, sarta euyeub pisan ku kabudayaanana.

Salian ti ayana bukti-bukti tulisan ngeunaan Pangéran Kornél, bukti oténtik séjénna anu nuduhkeun yén Pangéran Kornél kaasup tokoh sajarah anu miboga pangaruh nyaéta aya dina prasasti pangwangunan Jalan Cadas Pangéran. Lian ti éta, Mandela (2015, kc. 52) ogé nyebutkeun yén Pangéran Kornél téh tokoh pamingpin anu tanggung jawab. Saterusna, Kosmajadi (1994, kc. 38) ogé nyebutkeun yén Pangéran Kornél téh tokoh bupati Sumedang anu teu bisa dipopohokeun, sabab geus bajoang ngabélaan rahayat Sumedang di hareupeun Jéndral Hindia Walanda Herman W. Daendels. Éta dua pamadegan téh sajalan jeung anu ditétélakeun ku Isnendes jeung Firmansyah (2013, kc. 90) anu nyebutkeun yén tokoh Pangéran Kornél salaku tokoh anu wijaksana, jujur, satia, parigel, teu hianat, sarta wani ngabélaan bebeneran. Éta hal kabukti waktu ngungkab bebeneran di hareupeun Jéndral Hindia Walanda Mas Galak Daendels. Pamungkas, aya pamadegan anu ditétélakeun ku Lubis (1998, kc. 335), yén Pangéran Kornél miboga kaonjoyan dina segi kapamingpinanana. Lian ti éta, disebutkeun ogé yén Pangéran Kornél téh bupati anu dianggap miboga kakuatan gaib sarta luhung ku élmu panemuna.

Jadi intina, diangkatna ngaran Pangéran Kornél dina carita sajarah jeung sastra Sunda, jadi bukti yén éta tokoh téh miboga kaistiméwaan upama dibandingkeun jeung tokoh bupati anu séjénna, hususna di Sumedang, tapi lain hartina bupati anu

séjén teu boga karisma, sabab tokoh Pangéran Kornél mah kungsi nyieun catetan sajarah anu teu bisa dipopohokeun ku masarakat Sumedang, nyaéta ngalawan kawijakan VOC jeung pamaréntahan kolonial Hindia Walanda, hususna waktu pangwangunan Jalan Raya Pos (*Grote Postweg*) anu dilakukeun ku Herman Willem Daendels téa.

Sabada dipaluruh tina pedaran-pedaran saméméhna, geuning carita Pangéran Kornél téh silipakait, hususna antara sajarah jeung sastra Sunda. Ku kituna, pikeun maluruh hubungan carita sajarah jeung sastra téh diperlukeun péso analisis anu bisa dipaké mesék eusina. Éta péso analisis anu digunakeun téh nyaéta pamarekan struktural jeung intertékstualitas. Pamarekan struktural téh nyaéta pamarekan karya sastra anu miboga sipat otonom, hartina dina pamarekan struktural biasana dipedar ngeunaan cara-cara dina neuleuman karya sastra jeung cara ngainterprétasikeunana kana struktur karya sastra (Isnendes, 2018, kc. 74), sedengkeun pamarekan intertékstualitas nyaéta patalina hiji hal dina téks karangan tina hasil transformasi téks karangan saméméhna. Tujuan tina ulikan intertékstualitas nyaéta ngabandingkeun aspék-aspék dina hiji karya sastra nu saméméhna kungsi muncul dina karya séjénna (Rizqina, 2016, kc. 171).

Ieu panalungtikan téh kaitung penting, sabab ku dilaksanakeunana ieu panalungtikan tangtu aya mangpaat pikeun masarakat. Sakumaha anu ditétélakeun ku Warnaen, spk. (1987, kc. 127) yén dina novel/roman sajarah, hususna dina novel sajarah *Pangéran Kornél* aya nilai/ajén anu bisa dijadikeun tuladan aktual keur masarakat. Lian ti éta, Warnaen, spk. (1987, kc. 131) ogé nandeskeun yén dina novel *Pangéran Kornél* téh kapaluruh aya tabéat anu luhung, ajén kapengkuhan, kautamaan, wawanén, jeung kapinteran nu bisa dimangpaatkeun ku masarakat.

Salian ti pentingna panalungtikan anu ditétélakeun di luhur, ku dilaksanakeunana ieu panalungtikan ogé tangtu kapaluruh babandingan carita sajarah Pangéran Kornél jeung novel *Pangéran Kornél* anu ditulis ku R. Méméd Sastrahadiprawira. Salian ti éta, kapaluruh ogé hubungan intertékstualitasna (hipogram: ékspansi, konvérsi, modifikasi, ékserp), sarta nu teu éléh penting ku ayana ieu panalungtikan tangtu kapaluruh perkara hiji pertanyaan anu unina "Naha Pangéran Kornél téh tokoh sajarah anu dimitoskeun atawa tokoh mitos anu disajarahkeun?".

Panalungtikan anu aya patalina jeung Pangéran Kornél, Bupati Sumedang, sarta intertékstualitas téh lain hal anu munggaran. Saacanna kungsi aya panalungtikan anu dilaksanakeun ku Puspita (2019), kalawan judul "Fungsi Cai dina Dongéng Sunda (Ulukan Struktural jeung Intertékstualitas)". Hasil tina éta panalungtikanana kapaluruh yén tina 17 dongéng anu dianalisis, sakabéhna miboga struktur carita anu lengkep. Lian ti éta, fungsi cai dina dongéng anu kapaluruh téh sakabéhna ngawengku: cai minangka ubar; cai minangka ngaran tempat; cai jadi tapel wates wilayah; cai nu jadi mamala; cai pikeun kabutuhan sapopoé; jeung cai minangka hal anu jadi pantrangan. Lian ti panalungtikan anu dilaksanakeun ku Puspita (2019), aya deui panalungtikan séjén anu sawanda, nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Muzakka (2018), kalawan judul "Hubungan Intertekstualitas *Syair Paras Nabi* dan *Hikayat Nabi Bercukur*", hasilna kapaluruh yén téks *Syair Paras Nabi* mangrupa téks transformasi tina téks *Hikayat Nabi Bercukur* nu disawang minangka téks hipogramna. Saterusna, aya panalungtikan anu dilaksanakeun ku Marihandono (2008), kalawan judul "Mendekonstruksi Mitos Pembangunan Jalan Raya Cadas Pangéran 1808: Komparasi Sejarah dan Tradisi Lisan". Hasilna kapaluruh yén proses pangwangunan Jalan Cadas Pangéran ngarémbét tur mangaruhan kana kahirupan pulitik jeung sosial masarakatna, lian ti éta kapaluruh ogé yén polarisasi pulitik salila pamaréntahan Daendels lain waé mangaruhan kana kahirupan urang Éropah, tapi ogé mangaruhan pikeun bangsa pribumi, satuluyna kapaluruh ayana usaha pikeun ngaleungitkeun tapak kakawasaan tina rézim nu saacanna, sarta hasil anu pamungkas nyaéta disebutkeun yén carita Cadas Pangéran téh mangrupa carita mitos.

Sanajan panalungtikan-panalungtikan anu saacanna téh sawanda, tapi tangtu aya sasaruana katut bédana. Sasaruanaana nyaéta sarua medar intertékstualitas jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Puspita (2019) jeung Muzakka (2018), tuluy sarua nyabit-nyabit ngeunaan carita Cadas Pangéran/Pangéran Kornél jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Marihandono (2008), sedengkeun bédana ieu panalungtikan jeung anu dilaksanakeun ku Puspita (2019) nyaéta tina objék panalungtikanana, panalungtikan nu dilaksanakeun ku Puspita (2019) objékna tina dongéng, sedengkeun ieu panalungtikan objékna tina carita sajarah jeung novel. Saterusna, bédana panalungtikan jeung anu dilaksanakeun ku Muzakka (2018)

nyaéta tina tiori anu digunakeun jeung objékna. Tiori anu digunakeun ku Muzakka (2018) nyaéta tiori intertékstualitas wungkul, sedengkeun ieu panalungtikan anu dilaksanakeun ngagunakeun dua pamarekan tiori, nyaéta tiori struktural jeung intertékstualitas. Objékna ogé béda, anu digunakeun ku Muzakka (2018) mah Syair jeung Hikayat, sedengkeun ieu panalungtikan anu dilaksanakeun mah carita sajarah jeung novel. Pamungkas, bédana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Marihandono (2008) nyaéta tina objék jeung ambahan tiorina. Panalungtikan Marihandono (2008) objékna tina sajarah jeung tradisi lisan, tiorina ogé tiori sajarah jeung tradisi lisan, sedengkeun ieu panalungtikan anu dilaksanakeun objék utamana novel anu dipatalikeun jeung sajarah, sarta tiorina nyaéta struktural jeung intertékstualitas.

Ku kituna, dumasar kana pedaran-pedaran jeung kasang tukang anu ditulis saacanna. Ieu panalungtikan anu dilaksanakeun téh mangrupa panalungtikan munggaran anu medar perkara struktur jeung intertékstualitas tur dipatalikeun jeung carita sajarah ogé novel.

Jadi, tujuan jeung pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho déskripsi carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda, babandingan struktur carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda, sarta hubungan intertékstualitas (hipogram: ékspansi, konvérsi, modifikasi, ékserp) tina carita Pangéran Kornél vérsi sajarah jeung sastra Sunda. Ku kituna, panalungtikan anu judulna "Carita Pangéran Kornél Karya Sastra-Sajarah Sunda (Ulukan Struktural jeung Intertékstualitas)" perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah panalungtikan anu ditulis saacanna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh, nyaéta kieu.

- 1) Kumaha déskripsi carita Pangéran Kornél dumasar kana sajarah jeung sastra Sunda?
- 2) Kumaha babandingan struktur carita Pangéran Kornél (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda?
- 3) Kumaha hubungan intertékstualitas carita Pangéran Kornél (hipogram: ékspansi, konvérsi, modifikasi, ékserp) dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saacanna, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta medar perkara déskripsi, babandingan struktur carita, jeung hubungan intertékstualitas carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, tujuan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda;
- 2) babandingan struktur carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda; jeung
- 3) hubungan intertékstualitas carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan téh dibagi jadi opat, nyaéta mangpaat tina segi tioritis, kawijakan, praktis, isu jeung aksi sosial.

#### **1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis**

Mangpaat segi tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh nu maca sarta bisa jadi salasihiji sumber atawa référénsi ngeunaan sajarah jeung sastra Sunda, hususna nu patali jeung carita Pangéran Kornél sarta hubungan intertéktualitasna.

#### **1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan**

Mangpaat segi kawijakan tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé pikeun pamaréntah, boh pamaréntah daérah boh pamaréntah pusat, utamana dina mikanyaho kana sajarah, hususna anu patali jeung carita Pangéran Kornél nu aya di Kabupatén Sumedang.



### 1.4.3 Manfaat tina Segi Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré manfaat:

- 1) pikeun panalungtik, miboga pangalaman dina maham jeung ngulik carita Pangéran Kornél vérsi sajarah jeung sastra Sunda, sarta hubungan intertékstualitasna.
- 2) pikeun panalungtik saterusna, bisa dijadikeun sumber référénsi nu patali jeung carita sajarah, karya sastra novel, babandingan struktur carita sajarah jeung sastra novel, sarta hubungan intertékstualitasna.
- 3) pikeun masarakat, méré informasi ngeunaan hasil panalungtikan kana carita Pangéran Kornél dumasar kana sajarah jeung sastra Sunda.

### 1.4.4 Manfaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu jeung aksi sosial, manfaat tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan bacaan anu patali jeung carita sajarah, babandingan struktur carita sajarah jeung novel, sarta hubungan intertékstualitasna. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun tinimbangan dina ngajén kualitas karya sastra.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun jadi lima bab, telebna mah saperti kieu.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, manfaat panalungtikan nu dibagi jadi opat; manfaat tina segi teoritis, manfaat tina segi kawijakan, manfaat tina segi praktis, manfaat tina segi isu jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Dina ieu bab, nu diguar nyaéta ngeunaan karya sastra novel, tiori struktural Robert Stanton, jeung tiori intertékstualitas anu dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi pertanyaan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan. Salian ti éta, diguar ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan méthode panalungtikan nu diwincik deui jadi désain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta data jeung sumber data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab eusina nétélakeun hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan déskripsi carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda, babandingan carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda, sarta hubungan intertékstualitas (hipogram: ékspansi, konvérsi, modifikasi, ékserp) dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda. Sagala rupa hal anu ditanyakeun dina rumusan masalah Bab I, dipedar dina ieu bab.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Ieu bab medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan. Implikasi jeung rékoméndasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban anu cindek tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun ieu hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua, minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.